**दिन—सोमवार** **दिनांक—29.12.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

———————————————————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी राज्य सभ सँ सेवा क्षेत्र के मजबूती दऽ वैश्विक सेवा केन्द्र बनेबाक आह्वान कयलनि अछि। नव दिल्ली मे मुख्य सचिव सभक पाँचम राष्ट्रीय सम्मेलन कैँ सम्बोधित करैत श्री मोदी कहलनि जे भारत शीघ्रहि राष्ट्रीय विनिर्माण मिशनक शुभारंभ करत। ओ प्रत्येक राज्य सँ एकरा शीर्ष प्राथकिता दऽकऽ वैश्विक कंपनी सभ कैँ आकृष्ट करबाक लेल बुनियादी ढांचा सृजित करबाक आग्रह कयलनि।

———————————————————————

विकसित भारत रोजगार आओर आजीविका मिशन गारंटी ग्रामीण जी राम जी अधिनियमक अंतर्गत अधिकांश राज्य सभ के पिछला सात वर्षक औसत आवंटनक तुलना मे सत्रह हजार करोड़ टाका बेसी आवंटित होयबाक संभावना अछि। ई अधिनियम बीस साल पुरान महात्मा गांधी राष्ट्रीय ग्रामीण रोजगार गारंटी अधिनियम दू हजार पाँच के स्थान लेलक अछि। भारतीय स्टेट बैंकक एक शोध रिपोर्टक अनुसार एहि अधिनियम सँ राज्य सभ कैँ समग्र धन वितरण मे सुधार होयत। एहि अधिनियमक उद्देश्य सभ स्तर पर रोजगार सृजन, पारदर्शित, नियोजन आओर जबावदेही के सुदृढ़ करैत संरचनात्मक कमजोरी सभ के दूर करब अछि। संसदक शीतकालीन सत्र मे पारित एहि विधेयक कैँ राष्ट्रपतिक मंजूरी सेहो भेंट चुकल अछि। अधिनियम प्रत्येक ग्रामीण परिवार कैँ एक सय पच्चीस दिनक मजदूरी रोजगारक गारंटी दैत अछि।

———————————————————————

पूर्व रेलवेक जसीडीह—झाझा रेलखंड पर ट्रेन सभक परिचालन सामान्य करबाक लेल युद्धस्तर पर काज जारी अछि। आसनसोल रेलमंडलक जनसंपर्क पदाधिकारी बिपला बौउरी कहलनि जे आइ एहि मार्ग पर रेल परिचालन सामान्य होयबाक संभावना अछि। ओ कहलनि

जे आइ झाझा–देवघर मेमू, झाझा–पटना मेमू आओर देहरादून–हावड़ा कुंभ एक्सप्रेस समेत अट्ठाईस ट्रेन कैँ रद्द कऽ देल गेल अछि। ओतहि, धनबाद–पटना इंटरसिटी, हावड़–नई दिल्ली दुरंतो, पटना–हावड़ा एक्सप्रेस आओर हावड़ा–नई दिल्ली पूर्वा एक्सप्रेस समेत चौरासी ट्रेनक परिचालन परिवर्तित मार्ग सँ कयल जा रहल अछि। ओतहि, पाँच ट्रेनक आंशिक समापन कयल गेल अछि। जखनकि चारि ट्रेन अपन निर्धारित स्टेशन सँ नहि खुजि कऽ आन स्टेशन सँ खुजत। ध्यातव्य अछि जे काल्हि लाहबन आओर सीतारामपुर स्टेशनक बीच एक मालगाड़ीक दुर्घटना होयबा सँ दिल्ली–हावड़ा मुख्य मार्ग पर ट्रेन सभक परिचालन प्रभावित भेल अछि। दुर्घटनाक कारण सभक जाँच कयल जा रहल अछि।

———————————————————————————

एम्हर, राजस्व एवं भूमि सुधार विभाग राज्य मे भूमि संबंधी विवाद सभक निपटारा आओर आन शिकायत सभक समाधानक लेल एकटा टॉल फ्री नंबर जारी कयलक अछि। आब कोनो व्यक्ति टॉल फ्री नंबर एक आठ शून्य शून्य तीन चारि पाँच छओ दू एक पाँच पर कॉल कऽ अपन शिकायत दर्ज करा सकैत छथि।

———————————————————————————

शिक्षामंत्री सुनील कुमार कहलनि जे शिक्षक भर्ती चारिम चरणक लेल बीस जनवरी सँ पहिने बीपीएससी कैँ रिक्त पदक सूची पठा देल जायत। पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत श्री कुमार कहलनि जे सुशासनक लक्ष्यक अनुरूप शिक्षक भर्ती प्रक्रिया जारी अछि। शिक्षामंत्री कहलनि जे **सात निश्चय तीन** क तहत सहज, समावेशी आओर गुणवत्तापूर्ण शिक्षा राज्य सरकारक प्राथमिकता अछि। श्री कुमार कहलनि जे शिक्षाक बजट बढ़ि कऽ सत्तरि हजार करोड़ रूपैया सँ बेसी भऽ गेल अछि।

———————————————————————————

पश्चिमी विक्षोभक प्रभाव सँ राज्यक अधिकांश भाग मे भीषण शीतलहरक स्थिति बनि गेल अछि। ओतहि, उत्तर–पश्चिम भाग सभ मे कतेको स्थान पर घनगर कुहेस सँ जनजीवन प्रभावित अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलनि जे एकतीस दिसम्बर धरि प्रदेशक अधिकांश भाग मे शीतदिवसक स्थिति बनल रहत।

---

हिन्दी आओर मैथिलीक सुप्रसिद्ध साहित्यकार आओर आकाशवाणी पटनाक चर्चित कार्यक्रम चौपाल के लोकप्रिय किरदार मुखिया जी गौरीकांत चौधरीकांतक आइ चौबीसम पुण्यतिथि अछि। एहि अवसर पर हुनक पैतृक गाम समस्तीपुर जिलाक मुजौना मे आयोजित श्रद्धांजलि सभा मे उपस्थित लोकसभ हुनक प्रतिमा पर पुष्पांजलि अर्पित कयलनि। ओतहि सुप्रसिद्ध गायिका डॉक्टर रिता दासक आवाज मे स्वरबद्ध हुनक रचित गीत सभक लोकर्पण सेहो भेल।

---

समाप्त भेल।